

Nim. 202.80

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, konfòmeman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.73 pou yon lòt trant jou jiska 8 janvyè 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan nevyèm jou mwa desanm nan  
ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a